# Boston Day and Evening Academy (2018-2023)

Plan Responsablite pou Lekòl Charter

| *Boston Day and Evening Academy (BDEA)* | | | |
|---|---|---|---|
| **Tip Charter** (Commonwealth oswa Horace Mann) | **Horace Mann** | **Lokal** | **Boston** |
| **Rejyonal oswa Non-Rejyonal?** | **Non-Rejyonal** | **Distri ki nan Rejyon an** (si aplikab) | **Pa Aplikab** |
| **Ane li Louvri** | **1998** | **Ane yo Renouvle li** (si aplikab) | **2002, 2008, 2012, 2018** |
| **Kantite Enskripsyon Maksimòm** | **405** | **Dire Klas Charter yo** | **9-12** |

**Deklarasyon Misyon an**

Boston Day and Evening Academy re-entegre elèv ki dewoute yo nan edikasyon yo pandan l ap prepare yo pou yo gradye nan lekòl segondè, pou yo reyisi apre etid segondè ak pou yo bonjan patisipe nan kominote yo.

Se kat eleman konsepsyon kle ki oryante lekòl la (KDE yo) antanke baz fondasyon lekòl la chita sou li pou l kapab ranpli misyon li.

**Eleman Konsepsyon Kle yo (avèk sitasyon nan paj ki nan aplikasyon charter a):**

**<u>1ye Kritè: Misyon ak Eleman Konsepsyon Kle yo</u>**

Lekòl la rete fidèl nan misyon li, li aplike eleman konsepsyon kle ki dekri nan charter li a, epi li atenn yon gran pati nan objektif plan responsablite yo.

**<u>Eleman Konsepsyon Kle yo:</u>**

**1.)** Yon sistèm ansèyman ak evalyasyon ki baze sou konpetans epi ki santre sou elèv ki ankouraje yon pi gran apwopriyasyon elèv pou elèv ki gen twòp laj ki pa gen ase kredi ki riske abandone lekòl oswa ki gentan abandone lekòl segondè yo. (p. 1, 4)

**2.)** Modèl Sipò pou Elèv, ansanm ak sipò sosyal ak emosyonèl pou tout elèv yo kapab favorize kwasans pèsonèl ak reziyans. (p.3)

**3.)** Planifikasyon Apre Gradyasyon (PGP) / Pwogram pou Inivèsite ak Karyè: eksplwatasyon, preparasyon, pratik atravè eksperyans lavi reyèl, estaj, travay ki peye, doub enskripsyon (p.6)

**4.)** Kreye epi mentni yon kominote aprantisaj pwofesyonèl ki solid e ki aktif pou pwofesè ak anpwalye nan tout nivo eksperyans. (p.10,11)

**Lekòl charter a pran angajman li pou reponn ak Kritè 1 jiska 10 la jan sa dekri nan Kritè Pèfòmans pou Lekòl Charter a.**

| | |
|---|---|
| Dat Apwobasyon Preliminè Depatman an | 6-12-19 |
| Dat Apwobasyon Konsèy la: | 24-10-19 (BDEA) |
| Dat Apwobasyon Depatman an: | |

**<u>Objektif ak Mezi ki gen rapò ak Misyon ak Eleman Konsepsyon Kle (*obligatwa*):</u>**

<table>
<tr><td colspan="2">Objektif 1: BDEA pral aplike pwogram ak evalyasyon akademik ki santre sou elèv la pou elèv ki gen difikilte pou yo fè pwogrè yo nan yon anviwònman lekòl presgondè oswa lekòl segondè tradisyonèl. (Aliyen ak eleman konsepsyon kle #1 an.)</td></tr>
<tr><td>Mezi 1a):<br>Chak ane, sou baz antesedan yo dokimante e rapòte sou elèv yo, 100% nan elèv ki enskri nan BDEA gen difikilte pou yo fè pwogrè nan yon anviwònman lekòl presegondè oswa lekòl segondè tradisyonèl akoz rezon ki vini annapre yo:<br>● Bezwen pou sipò akademik adisyonèl<br>● difikilte ak pwoblèm sante mantal<br>● maladi santi fizik<br>● twomatis familyal oswa pèsonèl<br>● lòt responsablite familyal (pa egzanp, edikasyon pou grenn paran)<br>● pwoblèm konpòtmantal ki vin lakoz sispansyon ak ekspilsyon</td><td>Done yo kolekte/plan koleksyon done:<br><br>Ki done nou pral kolekte:<br>Y ap kolekte sous evidans, oswa done (ki mansyone anba a) atravè admisyon ansanm ak pwosesis pou kolekte done entèn/ekstèn:<br>● Bezwen pou sipò akademik adisyonèl<br>● istorik akademik elèv yo<br>● difikilte ak pwoblèm sante mantal<br>● maladi santi fizik<br>● twomatis familyal oswa pèsonèl<br>● lòt responsablite familyal (pa egzanp, edikasyon pou grenn paran)<br>● pwoblèm konpòtmantal ki vin lakoz sispansyon ak ekspilsyon<br><br>Kijan done nou pral kolekte:<br>● done sou sante mantal, maladi fizik, twomatis, responsablite familyal, ansanm ak y ap kolekte bezwen pou sipò akademik nan admisyon an atravè entèvyou endividyèl avèk elèv yo ak sondaj sou elèv yo:<br>● y ap kolekte done sou sispansyon oswa ekspilsyon nan sistèm done Edwin pou Ministè Edikasyon Massachusetts (Massachusetts Departmant of Education).<br>● y ap kolekte istorik akademik nan kanè elèv la ansanm ak done nan sistèm dona Edwin pou Ministè Edikasyon Massachusetts la<br><br>Ki kote y ap konsève done yo:<br>● y ap konsève tout done yo nan tout mezi sekirite sou Connects, Sistèm Enfòmasyon Elèv BDEA<br><br>Kiyès ki pral kolekte yo:<br>● Jesyonè done a pral kolekte done nan sondaj ak entèvyou yo nan men Edwin pandan admisyon an<br><br>Frekans koleksyon an, si sa posib:<br>• Y ap kolekte done yo pandan admisyon an</td></tr>
</table>

| | |
|---|---|
| Mezi 1B<br>Chak trimès, elèv ki gen yon prezans mwayèn nan klas ki se 70% oswa pi plis pral demontre konpetans (demontre konesans ak konpetans sou referans ki obligatwa pou klas sa a) nan 70% oswa pi plis nan kou yo genyen yo chak semèn. | **Done yo kolekte/plan koleksyon done:**<br><br>**Ki done nou pral kolekte:**<br>• Chak trimès, nou pral kolekte to elèv ki fini kou a pou elèv gen yon prezans mwayèn nan klas ki se 70% oswa pi plis pandan trimès sa a<br>**Kijan done nou pral kolekte:**<br>● Jesyonè done a enpòte done sou prezans yo nan Connects.<br>● Pwofesè yo antre nòt final yo sou Connects, ki se Sistèm Enfòmasyon sou Elèv BDEA.<br>● To elèv ki fini kou yo kalkile otomatikman sou Connects pou chak elèv chak trimès.<br>**Ki kote y ap konsève done yo:**<br>● y ap konsève tout done yo nan tout mezi sekirite sou Connects, Sistèm Enfòmasyon Elèv BDEA<br><br>**Kiyès ki pral kolekte yo:**<br>● Jesyonè done a pral asire yo enpòte done sou prezans ki egzat yo sou Connects.<br>● Pwofesè yo pral antre nòt final yo sou Connects.<br>● Jesyonè done a pral ekspòte done yo nan Connects.<br><br>**Frekans koleksyon an, si sa posib:**<br>• Y ap kolekte done yo nan fen chak trimès. |
| **Mezi 1c):**<br>Chak ane, tout elèv ki pase evalyasyon nan oswa pi ba nivo klas 6yèm ane a ki patisipe nan klas pou sipò literè ak nimerik yo pral gen to reyisit nan kou sou matematik ak syanzimèn yo ki ekivalan ak pa kanmarad yo ki pa t patisipe nan kou sipò yo. | **Done yo kolekte/plan koleksyon done:**<br><br>**Ki done nou pral kolekte:**<br>● To reyisit nan kou yo pou elèv ki pase evalyasyon pi ba nivo klas 6yèm ane a nan matematik oswa syanizmèn yo epi ki enskri nan klas sipò pou matematik ak literati, ap konpare, youn apre lòt, ak elèv ki pase evalyasyon ki depase nivo klas 6yèm ane a epi ki pa enkri nan kou sipò yo.<br>**Kijan yo pral kolekte yo:**<br>● Pwofesè yo pral antre nòt yo sou Connects. Jesyonè done a pral analize done sou kou ki reyisi yo epi l ap idantifye to reyisit nan kou yo nan matematik ak syanzimèn yo pou elèv ki pase evalyasyon pi ba pase nivo klas 6yèm ane a nan matematik ak syanzimèn yo, ak pou elèv ki pase evalyasyon ki depase nivo klas 6yèm ane nan tout domèn sa yo.<br>**Kiyès ki pral kolekte yo:** |

| | |
|---|---|
| | • Se pwofesè yo k ap antre done sou ki kou ki reyisi yo nan fen chak trimès. Jesyonè ka a pral analize done sa yo epi l ap detèmine to reyisit nan kou pou domèn matematik ak syanzimèn yo pou elèv – epi l ap konpare to reyisit yo pou gwoup elèv k ap swiv kou sipò yo pa rapò ak gwoup elèv ki p ap swiv kou sipò yo<br>**Ki kote y ap konsève done yo:**<br>• Jesyonè ka a pral analize done yo konsève nan Connects yo. Y ap konsève done yo fin analize yo sou òdinatè jesyonè a<br>**Frekans koleksyon an, si sa posib:**<br>• Y ap kolekte done sou kou ki reyisi yo pandan chak peryòd koreksyon (nen fen chak trimès -- 4 fwa pandan ane lekòl la). Y ap detèmine to kou ki reyisi yo chak ane |

| **Objektif 2: BDEA pral kontinye ankouraje yon kilti lekòl ki san danje e ki san patipri pou tout elèv ak fanmi. (Aliyen ak eleman konsepsyon kle #2 an.)** | |
|---|---|
| **Mezi 2a):**<br>Nan sondaj anyèl sou kilti lekòl Boston Public Schools (BPS) bay yo, elèv yo, an mwayèn, evalye lekòl la ak 3 sou 4 ele,an ki mezire santiman apatenans, santiman sekirite, enterè pwofesè a genyen nan elXv yo ak valorizasyon aprantisaj. | **Done yo kolekte/plan koleksyon done:**<br><br>**Ki done nou pral kolekte:**<br>• rezilta nou kolekte nan yon sondaj ki pa mansyone non moun sou klima elèv Boston Public Schools yo ke yo bay elèv BDEA yo chak ane pral sèvi pou evalye mezi sa a. Nan sondaj la, yo mande elèv nan ki nivo yo santi yo an sekirite nan BDEA epi yo konpare repons elèv BDEA yo ak repons elèv ki nan lòt lekòl segondè ki nan distri a.<br><br>**Kijan yo pral kolekte yo:**<br>• se Boston Public Schools. ki kreye sondaj la epi se anplwaye BDEA yo ki bay li<br><br>**Kiyès ki pral kolekte yo:**<br>• Boston Public Schools pral kolekte done yo epi l ap konsève yo<br><br>**Ki kote y ap konsève done yo:**<br>• Boston Public Schools pral kolekte done yo epi l ap konsève yo<br><br>**Frekans koleksyon an, si sa posib:** |

| | |
|---|---|
| | ● yo fè sondaj sou klima yon fwa pandan chak ane lekòl |
| **Mezi 2b)**<br>BDEA ap kontinye bay plizyè opòtinite (omwen de fwa chak ane) pou yon minimòm 100 fanmi kapab angaje yo avèk anplwaye BDEA yo, pandan y ap selebre elèv yo ansanm ak reyisit yo (pa egzanp, Dinè Kominotè pou Thanksgiving, senposyòm, revizyon pòtfolyo, Babekyou an Fanmi, elatriye). | **Done yo kolekte/plan koleksyon done:**<br><br>**Ki done nou pral kolekte:**<br>● Y ap kenbe yon orè sou aktivite pou angajman familyal yo ki gen yon kontaj apwoksimatif sou kantite manm fanmi ki prezan nan chak aktivite<br><br>**Kijan yo pral kolekte yo:**<br>● Kowòdonatè pou Angajman Familyal la pral elabore yon orè epi jesyonè donè a ansanm ak Kowòdonatè pou Angajman Fanmi an pral fè yon kontaj.<br><br>**Kiyès ki pral kolekte yo:**<br>● Kowòdonatè pou Angajman Familyal la, ansanm ak Jesyonè Done a<br><br>**Ki kote y ap konsève done yo:**<br>● y ap konsève orè ki gen kontaj asosye a sou òdinatè Kowòdonatè pou Angajman Familyal la<br><br>**Frekans koleksyon an, si sa posib:**<br>● y ap elabore orè a nan kòmansman ane lekòl la epi y ap fè kontaj la apre chak aktivite pou angajman familyal |

| **Objektif 3: BDEA pral mentni yon Sant pou Planifikasyon Apre Gradyasyon (PGP) ki aktif epi ki solid pou asire tout elèv yo ap gen yon plan lekòl apre etid segondè ki pèsonalize epi ki aplikab. (Aliyen ak eleman konsepsyon kle #3 a.)** | |
|---|---|
| **Mezi 3a):**<br>Chak ane, disi dat limit pou remèt diplòm nan, 100% nan elèv k ap gradye yo pral konplete yon Pòtfolyo pou Planifikasyon Apre Gradyasyon nan *Connects* ki gen ladan l evidans sou konpetans pwofesyonèl, rechèch invèsite ak karyè, refleksyon pèsonèl sou ribrik reyisit ansanm ak yon deklarasyon entansyon. | **Done yo kolekte/plan koleksyon done:**<br><br>**Ki done nou pral kolekte:**<br>● y ap kreye pòtfolyo elektwonik yo epi y ap konsève yo sou Connects. N ap verifye pou kapab asire nou chak elèv ki gradye gen youn ki ranpli<br><br>**Kijan yo pral kolekte yo:**<br>● elèv yo pral kreye pwòp pòtfolyo yo sou Connects<br><br>**Kiyès ki pral kolekte yo:** |

| | |
|---|---|
| | • Pwofesè Capstone nan gras ak sipò lo jwenn nan Depatman pou Planifikasyon Apre Gradyasyon ak men jesyonè done a pral asire elèv yo te kreye pòtfolyo fòma elektwonik yo a<br><br>**Ki kote y ap konsève done yo:**<br>• y ap konsève pòtfolyo fòma elekrwonik yo sou Connects.<br><br>**Frekans koleksyon an, si sa posib:**<br>• y ap kreye e modifye pòtfolyo yo pandan ane lekòl la |
| **Mezi 3b):**<br>Chak ane, kòm konsekans aktivite PGP yo (pa egzanp, atelye pou preparasyon karyè, pwonmnand nan chan rive nan inivèsite, ak seyans pou planifikasyon tranzisyon), y ap aksepte 70% nan chak klas k ap gradye (gradyasyon Septanm-Jen) nan yon inivèsite oswa pwogram apre etid segondè ki aplikab disi otòn pandan ane ki vini apre a. Pwogram apre etid segondè ki aplikab yo gen ladan yo de ak kat pwogram inivèsite, pwogram anplwa-fòmasyon ak/oswa pwogram volontè. | **Done yo kolekte/plan koleksyon done:**<br><br>**Ki done nou pral kolekte:**<br>• y ap antre estati aplikasyon pou inivèsite, pwogram fòmasyon, ansanm ak aplikasyon pou bousdetid yo sou Connects epi y ap gwoupe pou asire tout elèv k ap gradye yo aplike epi yo aksepte yo nan omwen yon opòtinte apre gradyasyon<br><br>**Kijan yo pral kolekte yo:**<br>• elèv yo ansanm ak anplwaye pou planifikasyon apre gradyasyon pral antre enfòmasyon aplikasyon yo<br><br>**Kiyès ki pral kolekte yo:**<br>• anplwaye pou planifikasyon apre gradyasyon yo pral kolekte done yo. Jesyonè done a pral konpile done yo<br>**Ki kote y ap konsève done yo:**<br>• y ap konsève done yo nan tout mezi sekirite sou Connects<br><br>**Frekans koleksyon an, si sa posib:**<br>• y ap antre done sou nouvo aplikasyon yo sou Connects lè aplikasyon yo kòmanse ak/oswa lè yo fini. Pwiske kalandriye pou mezi sa se nan otòn ane ki vini apre a, chak ane, nou bay rapò sou pousantaj ki aksepte nan ane ki sot pase a ansanm ak estati elèv ki jwenn lèt akseptasyon pou ane aktyèl la. |

<table>
<tr><th colspan="2">Objektif 4: BDEA pral kontinye konstwi ton Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl pou tout anplwaye yo. (Aliyen ak eleman konsepsyon kle #4 an.)</th></tr>
<tr><td>Mezi 4a):<br>Administrasyon BDEA ak kominote eleksyon pou travay (ETWA) la pral kolekte fidbak nan men anplwaye yo pou asire kontdisyon travay yo vivab e dirab.</td><td>Done yo kolekte/plan koleksyon done:<br><br>Ki done nou pral kolekte:<ul><li>anplwaye yo pral bay fidbak sou kijan pou fè travay yo mande pou yo fè nan BDEA a vin dirab. Y ap bay fidbak yo atravè sondaj anplwaye yo ak reyinyon ki fët sou dirabilite yo. Anplwaye yo pral diskite sou kijan pou fè travay nan BDEA a vin dirab nan akò eleksyon pou travay nan lekòl la.</li></ul>Kijan yo pral kolekte yo:<ul><li>Komite ETWA ak jesyonè done a pral kreye yon seri sondaj sou anplwaye yo sou feyè Google yo. Jesyonè done a pral gwoupe fidbak yo kolekte nan sondaj sa yo.</li><li>Akò eleksyon pou travay la pral gen ladan l yon seksyon sou diribilite epi y ap mete l disponib pou anplwaye yo.</li></ul>Kiyès ki pral kolekte yo:<ul><li>komite ETWA a pral kolekte e konpile sondaj sou anplwaye yo epi apresa jesyonè ka a ap fè sa a</li></ul>Ki kote y ap konsève done yo:<ul><li>y ap konsève tout done sou òdinatè pwofesè komite ETWA a</li></ul>Frekans koleksyon an, si sa posib:<ul><li>y ap fè sondaj konplè nan fen ane ansanm ak sondaj kontwòl nan fen chak trimès (3 fwa pandan yon ane lekòl). Akò eleksyon pou travay la pral redije yon seri nouvo objektif chak ane epi l ap pase ane a ap redije ak aplike chanjman yo pwopoze yo</li></ul></td></tr>
</table>

| | |
|---|---|
| **Mezi 4b):**<br>80% (sou 70% to repons) nan anplwaye yo pral evalye anviwònman travay BDEA nan yon nivo 3 oswa yon echèl ki depase 5 kòm aplikab oswa dirab, mezire chak ane. | **Done yo kolekte/plan koleksyon done:**<br><br>**Ki done nou pral kolekte:**<br>● Anplwaye BDEA yo pral fè yon sondaj sou nivo travay yo nan BDEA vivab e dirab.<br><br>**Kijan yo pral kolekte yo:**<br>● Komite ETWA ak jesyonè done a pral kreye yon seri sondaj sou anplwaye yo sou feyè Google yo. Jesyonè done a pral gwoupe fidbak yo kolekte nan sondaj sa yo.<br><br>**Kiyès ki pral kolekte yo:**<br>● komite ETWA a pral kolekte e konpile sondaj sou anplwaye yo epi apresa jesyonè ka a ap fè sa a<br><br>**Ki kote y ap konsève done yo:**<br>● y ap konsève tout done sou òdinatè pwofesè komite ETWA a<br><br>**Frekans koleksyon an, si sa posib:**<br>● Y ap bay sondaj la chak ane. |
| **Mezi 4c):**<br>Tout anplwaye yo ap kontinye angaje nan omwen 90 minit pa semèn nan tan pou fòmasyon pwofesyonèl an kolaborasyon pou amelyore pratik ansèyman ak aprantisaj epi pou l kontinye ankouraje yon kominote aprantisaj pwofesyonèl ki an sante. | **Done yo kolekte/plan koleksyon done:**<br><br>**Ki done nou pral kolekte:**<br>● y ap elabore yon kalandriye pou fòmasyon pwofesyonèl epi y ap akòde tan pou aprantisaj pwofesyonèl ki dirije defason endividyèl oswa an kolaborasyon<br>● y ap pase anplwaye yo sondaj sou kantite tan PD kolaboratif yo te genyen nan fen ane lekòl la<br><br>**Kijan yo pral kolekte yo:**<br>● Responsab Pedagojik yo pral elabore yon kalandriye epi jesyonè done a pral kalkile kantite èdtan yo<br><br>● jesyonè done a ansanm ak Responsab Pedagojik yo pral kreye yon sondaj sou fòmilè google yo epi y ap administre l bay manm anplwaye pa imèl.<br><br>**Kiyès ki pral kolekte yo:** |

| | |
|---|---|
| | ● Responsab Pedagojik yo pral elabore yon kalandriye PD. Jesyonè done a pral kalkile kantite èdtan yo alouwe nan tan PD kolaboratif la<br>● Jesyonè done a pral gwoupe rezilta sondaj la. Se Responsab Pedagojik yo ansanm ak jesyonè done yo ki pral kreye e bay sondaj la<br>**Ki kote y ap konsève done yo:**<br>● y ap konsève tout done yo sou òdinatè yon pwofesè prensipal<br><br>**Frekans koleksyon an, si sa posib:**<br>● y ap elabore kalandriye PD a nan kòmansman ane lekòl la. Y ap bay sondaj la epi y ap gwoupe rezilta li yo nan fen ane lekòl la |

**<u>Objektif ak Mezi ki gen rapò ak Divilgasyon (*obligatwa*):</u>**

| **Objektif 5: BDEA pral kontinye ranfòse wòl li pou edikatè lokal, rejyonal, nasyonal ak edikatè entènasyonal yo antanke yon modèl pou simaye aprantisaj ki baze sou konpetans e ki santre sou elèv.** | |
|---|---|
| **Mezi 5a):**<br>Chak ane, BDEA pral òganize yon seri vizit mansyèl nan lekòl la avèk edikatè lokal ak nasyonal jan sa dokimante nan rejis vizitè yo. | **Done yo kolekte/plan koleksyon done:**<br><br>**Ki done nou pral kolekte:**<br>● yon rejis solid sou vizit nan lekòl yo<br><br>**Kijan yo pral kolekte yo:**<br>● y ap mete rejis la ajou chak fwa yo òganize yon vizit nan lekòl la<br><br>**Kiyès ki pral kolekte yo:**<br>● se Asosye Depatman an ki pral mentni rejis la<br><br>**Ki kote y ap konsève done yo:**<br>● y ap konsève rejis yo nan Feyè Google<br><br>**Frekans koleksyon an, si sa posib:**<br>● y ap mete rejis la ajou apre chak vizit nan lekòl la |
| **Mezi 5b):**<br>Chak ane, BDEA pral patisipe e prezante pratik inovan li nan lekòl la nan konferans ak atelye pwofesyonèl lokal, rejyonal, ak nasyonal yo. | **Done yo kolekte/plan koleksyon done:**<br><br>**Ki done nou pral kolekte:**<br>● yon rejis solid sou prezantasyon ak atelye<br><br>**Kijan yo pral kolekte yo:** |

| | |
|---|---|
| | ● y ap mete rejis la ajou chak fwa yon manm anplwaye bay yon prezantasyon oswa li òganize yon atelye<br><br>**Kiyès ki pral kolekte yo:**<br>● Se Direktè Avansman oswa Responsab Pedagojik yo ki pral menti rejis la<br><br>**Ki kote y ap konsève done yo:**<br>● y ap konsève rejis yo nan Feyè Google<br><br>**Frekans koleksyon an, si sa posib:**<br>● y ap mete rejis la ajou apre chak prezantasyon oswa atelye |
| **Mezi 5c):**<br>BDEA pral òganize yon enstiti pandan ete chak ane pou pèmèt edikatè lokal ak nasyonal yo benefisye fòmasyon sou prensip ak pratik ansèyman ak evalyasyon ki baze sou konpetans | **Done yo kolekte/plan koleksyon done:**<br><br>**Ki done nou pral kolekte:**<br>● y ap itilize ajannda nan enstitisyon chak ane pandan ete yo oswa lòt enstitisyon entansif yo kòm prèv enstiti<br>● Anplwaye planifikasyon yo pral administre ak evalye sondaj ak evalyasyon satisfaksyon avan ak apre yo pou yo kapab fè modifikasyon kontini nan tout fòmasyon yo<br><br>**Kijan yo pral kolekte yo:**<br>● y ap konpile ajannda yo sou yon fichye Google Drive<br>● se pwofesè prensipal k ap dirije pwogram entansif la k ap fè sondaj avan ak apre yo<br><br>**Kiyès ki pral kolekte yo:**<br>● Responsab Pedagojik yo pral konpile ajannda yo<br>● se pwofesè prensipal k ap dirije pwogram entansif la k ap fè sondaj avan ak apre yo<br><br>**Ki kote y ap konsève done yo:**<br>● y ap konsève ajannda yo sou yon fichye Google Drive<br>● y ap konsève rezilta sondaj la sou Feyè Google ak Fòmilè Google yo<br><br>**Frekans koleksyon an, si sa posib:**<br>● y ap ajoute ajannda yo nan fichye a apre chak pwogram entansif |

| | |
|---|---|
| | • y ap fè sondaj yo avan ak apre chak pwogram entansif |

**<u>"Reyalize" Objektif ak Mezi ki gen rapò ak Misyon ak Eleman Konsepsyon Kle (*ochwa*):</u>**

| **Objektif 6: BDEA pral ankouraje devlopman konpetans ki pa konpetans koyitif elèv la genyen pou li kapab reyisi apre etid segondè (sa vle di, jesyon pèsonèl, vizyon, kiryozite, pèseverans, ak entèlijans sosyal). (Aliyen ak eleman konsepsyon kle #2 a.)** | |
|---|---|
| **Mezi:**<br>Chak ane, anplwaye yo pral akimile estrateji ansèyman ak aprantisaj pou elèv ki nan klas debitan yo kapab rive pi byen demontre aprantisaj endepanda yo fè nan kou nivo avanse yo. Y ap bay rapò sou pwogrè yo chak ane sou baz evalyason mwayèn pwofesè a fè sou endepandans elèv la depi premue trimès la rive dènye trimès la. | **Done yo kolekte/plan koleksyon done:**<br><br>**ki done nou pral kolekte:**<br>• pandan chak peryòd koreksyon, pwofesè yo pral fè yon evalyasyon sou endepandans elèv yo. Y ap estriktire kou nivo avanse yo nan yon fason pou yo egzije plis endepandans pase kou debitan yo kidonk nou espere wè evalyasyon ki endike plis endepandans pou elèv ki nan kou avanse yo<br><br>**kijan yo pral kolekte yo:**<br>• Se pwofesè yo ki pral antre evalyasyon w yo sou Connects pandan koreksyon nan fen trimès la avèk nòt nan kanè yo<br><br>**kiyès ki pral kolekte yo:**<br>• Se pwofesè yo ki pral antre evalyasyon yo epi se jesyonè done a ki pral analize done yo<br><br>**ki kote y ap konsève done yo:**<br>y ap konsève evalyasyon yo sou Connects<br><br>**frekans koleksyon an, si sa posib:**<br>• y ap antre evalyasyon yo pandan chak peryòd koreksyon (4 fwa pandan yon ane lekòl) |

**<u>Lòt Objektif ak Mezi ki Gen Rap ak Pèfòmans Elèv la (obligatwa pou lekòl altènatif yo, ochwa pou lòt lekòl yo):</u>**

| **Objektif 7: Gras ak aplikasyon Pratik Jistis Restorasyon an, elèv BDEA yo pral gentan gen pi gwo konpetans pou rezoud konfli (Aliye ak eleman konsepsyon kle #2 yo)** | |
|---|---|
| **Mezi:**<br>Devlopman Konpetans pou Rezolisyon Konfli a se yon karakteristik esansyèl ak yon rezilta yo vize pou aplike Pratik Jistis Restorasyon yo nan BDEA. Nou pral mezire nan ki nivo rezilta debaz Pratik Jistis | **Done yo kolekte/plan koleksyon done:**<br><br>**ki done nou pral kolekte:** |

| | |
|---|---|
| Restorasyon sa efikas pa rapò ak prèv sou elèv ki te akeri pi gwo konpetans pou rezolisyon konfli ki sibi evalyasyon:<br><br>● yon rediksyon nan ensidans pandan elèv yo ap fè pwogrè atravè BDEA<br>● An mwayèn, chak ane, y ap sispann elèv yo mwen souvan nan BDEA pase lè yo nan lòt lekòl yo | ● yon rediksyon nan ensidans pandan elèv yo ap fè pwogrè atravè BDEA<br>● An mwayèn, chak ane, y ap sispann elèv yo mwen souvan nan BDEA pase lè yo nan lòt lekòl yo<br><br>**kijan yo pral kolekte yo:**<br>● yo anrejistre ensidans yo sou Connects. Nou pral analize ensidans ofiramezi pou elèv kounya yo kapab idantifye tandans yo<br>● y ap konpare sispansyon ki fèt nan BDEA ak sispansyon ki fèt nan lekòl avan yo. yo konsève done sispansyon BDEA yo sou Connects. y ap ekstrè done sou sispansyon nan lekòl avan yo<br><br>**kiyès ki pral kolekte yo:**<br>● Jesyonè done a pral konpile done sou ensidan yo. Se tout manm anplwaye yo ki antre done sou ensidan yo.<br>● jesyonè done a pral ekstrè done sou sispansyon yo nan men Edwin. Se moun k ap fè enskripsyon oswa jesyonè done a ki pral antre done sou sispansyon nan BDEA.<br><br>**ki kote y ap konsève done yo:**<br>● yo konsève done sou ensidan yo sou Connects<br>● yo konsève tout done sou sipansyon yo sou Connects<br><br>**frekans koleksyon an, si sa posib:**<br>● yo anrejistre done sou ensidan yo lè gen ensidan<br>● yo ekstrè done sou sispansyon istorik yo nan men Edwin pandan admisyon an, Yo anrejistre sispansyon BDEA a lè gen sispansyon |